

Egzanpsyon ak Egzijans pou Aplike

Homestead Tout pwopriyete ki abite sou pwopriyete imobilyè nan Eta Florid jou 1e janvyè, e pwopriyete sa a se rezidans pèmanan li, e li depoze yon demann aplikasyon, moun sa a gen dwa resevwa yon egzansyon sou taks sou pwopriyete ki rive jiska \$50,000. Premye \$25,000 yo aplike pou tout taks sou pwopriyete a. Rès \$25,000 aplike sou estimasyon valè ki depase \$50,000 e sèlman pou taks ki pa gen pou wè ak taks lekòl. **Pwogram ki rele Ann Sove Kay Nou (Save Our Home SOH)** Apati de lane lè w te resevwa egzansyon homestead la, estimasyon sou kay ou pa kapab ogmante plis pase montan ki piti a ant chanjman nan Endis Pri Konsomatè a oswa 3% chak lane, kèlkeswa montan ogmantasyon valè ekita sou a mache a. **Transferabilite** Si w te demenaje kite yon rezidans homestead nan Eta Florid antre nan yon lòt pandan 2 lane ki sòt pase yo, ou gendwa elijib pou kapab pran sèten nan ekonomi SOH ou yo avè ou.

Avantaj Adisyonèl ki Disponib pou Pwopriyete Homestead ki Kalifye		
Benefis	Kalifikasyon Debaz	Fòm ak Dokiman
*Granmoun Aje	65 lane oswa plis apatide 1 ^e janvyè. Revni Brit Ajiste Fwaye a pou lane presedan an pou tout moun ki rezide nan menm kay la pa gen dwa depase limit estatitè yo. <i>Nan sèten ka, revni Sekirite Sosyal la gen dwa ekskli. F.S. 196.075</i>	DR-501SC; Deklarasyon enpo federal ak deklarasyon revni pou tout manm ki abite nan menm kay la.
Vèf/Vèv	Vèf-vèv ki pa marye apatide 1 ^e janvyè. <i>F.S. 196.202</i>	DR-501; Sètifika Desè konjwen an
Sivil Andikape	\$500 – Avèg oswa Andikap ki Pèmanan. <i>F.S. 196.202</i>	DR-501; 1 nan sa ki annapre a : DR-416, DR-416B yon Doktè sètifye nan Eta Florid oswa yon lèt Administrasyon Veteran.
	Kwadriplejik. <i>F.S. 196.101</i>	DR-501; 2 fòm DR-416 Doktè ki sètifye nan Eta Florid ranpli (DR-416B oswa yon lèt Administrasyon Veteran an bay an ranplasman 1 DR-416).
	*Emiplejik, paraplejik, chèzwoulant nesese pou depasman oswa avèg selon lalwa. Revni limite. <i>F.S. 196.101</i>	DR-501; 2 fòm DR-416 Doktè ki sètifye nan Eta Florid ranpli (DR-416B oswa yon lèt Administrasyon Veteran an bay an ranplasman 1 DR-416); DR-501A avèk Deklarasyon enpo federal ak deklarasyon revni pou tout moun ki abite nan menm kay la.
Veteran ki Andikape	Rediksyon pou Veteran – Andikap ki gen pou wè ak konba ; 65 an oswa plis apati 1 ^e janvyè; Rezidan nan Eta Florid lè li antre nan lame; Pousantaj andikap la detèmine montan rabè a. <i>F.S. 196.082</i>	DR-501DV; DD 214; Desizyon sou notasyon se responsabiltè VA oswa Lame ; Prèw li te rezide nan Eta Florid lè li te antre nan lame ; Prèw andikap la te rive nan konba.
	\$5,000 – Andikap ki rive pandan sèvis lame 10% oswa plis (yo kapab pwolonje benefis la pou li benefisye konjwen sivivan ki pa marye si yo te marye pandan 5 lane omwens). <i>F.S. 196.24</i>	DR-501; Lèt Administrasyon Veteran (Fòm nimewo 27-125 Biwo Lokal)
	Rediksyon pou Ansyen militè ki andikape total ak pèmanan – Andikap ki rive pandan sèvis lame, andikape total ak pèmanan (yo kapab pwolonje benefis la pou li benefisye konjwen sivivan ki pa marye a). <i>F.S. 196.081</i>	DR-501; Lèt Administrasyon Veteran (Fòm nimewo 27-333 Biwo lokal)
*Militè ki Deplwaye	Manm lame ki deplwaye andeyò 48 Eta kontinantal Etazini pou sipòte yon operasyon militè kalifye. Kantite dat deplwaman pandan lane presedan pral detèmine montan egzansyon an. <i>F.S. 196.173</i>	DR-501M; desizyon militè oswa DD-214 avèk dat espesifik deplwayman aletranje.
*Rediksyon Estimasyon pou Lojman Paran oswa Granparan yo	Paran oswa granparan yo dwe gen plis pase 62 lane e yo dwe rezide sou pwopriyete ki homestead la apati 1 ^e janvyè. Jiska 20 pousan travo konstriksyon oswa rekonstriksyon kalifye ki fini apre 7 janvyè 2003 elijib pou rediksyon estimasyon an. <i>F.S. 193.703</i>	DR-501PGP; Pèmi, sètifika okipasyon, plan konstriksyon, prèw laj paran oswa granparan an.
Ou kapab jwenn tout fòm pou benefis taks sou pwopriyete ak plis enfòmasyon nan www.miamidade.gov oswa rele 786-331-5321.		

Sanksyon

Si evalyatè pwopriyete a detèmine pandan yon lane oswa plizyè ane nan 10 lane anvan yo, yon moun ki pa t gen dwa gen rediksyon te resevwa yon egzansyon homestead sou taks ad valorem yo, evalyatè pwopriyete a pral oblije deside voye pwopriyete a yon avi entansyon anrejistre nan fichye leta Konte a yon avi ipotèk fiskal sou nenpòt ki byen moun sa a genyen nan Konte a, e yo pral idantifye byen sa a nan avi ipotèk fiskal la. Taks ki te egzante pa erè plis yon sanksyon 50 pousan taks ki pa peye pou chak lane e 15 pousan enterè pa ane ap aplike sou byen sa a ki sitye nan Eta Florid la. Sepandan, si yo te bay yon egzansyon pa erè akòz yon erè administrasyon oswa yon omisyon evalyatè pwopriyete a, moun ki te resevwa egzansyon an pa erè p ap dwe peye okenn sanksyon ak enterè. Anvan pou yo depoze ipotèk sa a, pwopriyete yo te enfòmè a pral gen 30 jou pou peye taks, sanksyon ak enterè yo. **REF. Seksyon 196.161(1), F.S.**